

# KOMINIKE POU LAPRÈS



## POU YO KOMINIKE TOUSWIT

Kontak: Shaun Gayle

Asistan Direktè Vil la/Pòtpawòl Vil la

Vil Miramar

Telefòn: 954-495-3644; Imel: [sdgayle@miramarfl.gov](mailto:sdgayle@miramarfl.gov)

## PLIS PASE 43 KONPAYI AK 18 KOLÈJ (INIVÈSITE 3 ZAN) AK INIVÈSITE PWOGRAUME POU

### PATISIPE NAN FWA ANPLWA AK EDIKASYON VIL MIRAMAR JOU MADI 3 OUT LA

*Evènman an Ap Fèt Prezansyèlman (Pandan Moun yo Prezan Fizikman)*

*e Vityèlman (Sou Entènèt)*

**MIRAMAR, FL** (Madi 20 jiyè 2021) - Jodi a, Vil Miramar anonse ke Fwa Anplwa ak Edikasyon yo a repwogramme pou madi 3 out 2021, soti 10:00 am rive 2:00 pm epi kounye a l ap fèt prezansyèlman (pandan moun yo prezan fizikman) nan Sant Kiltirèl Miramar la ki chita nan 2400 Civic Center Place, Miramar, FL 33025 epitou vityèlman (sou entènèt) sou MiramarFL.gov/JobFair. Kòm pwogram èd KOVID-19 yo ap rive nan fen yo, evènman an se yon opòtinite ki parèt nan bon moman an pou moun yo rive jwenn djòb yo reve a e kontinye etid yo.

Evènman an, ki patwone pa WSVN-7 ak Aetna, ap mete an vedèt plis pase 40 biznis nan zòn nan ki vle rankontre moun ki fè aplikasyon pou djòb demèm ke 18 kolèj (inivèsite 3 zan) ak inivèsite ki ap pare pou yo rankontre moun ki ap chèche kontinye etid yo.

Nou ankouraje moun ki fè aplikasyon yo pou yo gen yon kopi CV yo ki pare epi pou yo prepare pou entèvyou endividyle prezansyèl (pandan moun yo prezan fizikman) oswa vityèl (sou entènèt) avèk manadjè rekritman ki soti nan konpayi ki ap patisce yo.

Komisyonè Alexandra Davis deklare, "Mwen kontan anpil pou mwen òganize evènman sa a ki pral reyini pi bon patwon yo ak moun ki fè aplikasyon pou djòb yo nan kominote nou an. Vil Miramar sousye li de rezidan nou yo e nou toujou ap chèche nouvo fason pou louvri pòt pou manm kominote nou an rive jwenn yon nouvo djòb e tèmine yon etid siperyè. Mwen kontan ke meyè konpayi yo tankou Amazon, Biwo Federal Envestigasyon (FBI), Polis ak Ponpye Miramar, Starbuck, Walgreens, JL Audio, Carnival Cruise, Calder Casino, ak anpil lòt pral vin mete ansanm ak nou avèk opòtinite imeda ke yo dwe anboche moun pou mete ladan yo. Anplis de sa, plis pase 18 inivèsite ak kolèj (inivèsite 3 zan) pral rankontre sou entènèt avèk moun ki fè aplikasyon pou diskite sou pwogram diplòm inivèsite ak sètifikasyon."

Pandan evènman an, rezidan Miramar ki gen laj 18-26 an yo pral kapab aplike tou pou estaj peye nan kad Pwogram Aprantisaj Waste Pro a pou pozisyon ki disponib tankou Chofè Estajyè ak Teknisyen Dizèl.

Vil Miramar pran angajman pou li kenbe rezidan li yo anplwaye epi ede rezidan ki anplwaye yo fè chanjman karyè ki pi byen adapte a kalifikasyon yo. Angajman sa a etann tou a rezidan ki pa kapab jwenn yon travay akòz antedesdan kriminèl yo (akòz yo te fè krim). Depatman Lapolis Miramar aktive Inite PRIME li an (Anpeche Remete nan Prizon Gras a Suivi ak Aplikasyon Lalwa) ki ede moun ki te deja nan prizon yo nan ekri CV yo, nan ofri yo aksè a òdinatè, epi nan jwenn travay ki valorize yo.

Moun k ap chèche rantre nan Depatman Lapolis Miramar yo pral kapab aplike tou nan Fwa Anplwa ak Edikasyon an epi si yo reyisi, y ap kapab pwofite yon salè kòmansman konpetitif ak avantaj ki gen ladan yo yon orè 4 jou onn- 3 jou òf, yon pwogram machin ki ap pase pran yo lakay, ranbousman frè eskolarite ak plis bagay toujou.

Pou plis enfòmasyon epi pou enskri pou patisipe nan Fwa Anplwa ak Edikasyon an, vizite [MiramarFL.gov/JobFair](http://MiramarFL.gov/JobFair).

# # #